

MASIMBA UYE KUZVITONGA KWEVARIMI PAMBEU

I zvi zvinoreva kuti varimi vane masimba pamusoro uye kuva pakati pezvirongwa zvembeu dzavo.

Iwe semurimi unemasimba pambeu kana une kodzero pa;

- ◆ kudyara, kuuchika, kuchengetedza uye kuchinjanisa mbeu dzose nezvimwewo zvinosimwa.
- ◆ uchiwanikwa uchipa mazano pose panoitwa nezve kuvandudzwa kwembeu, kuuchikwa kwadzo, kusarudzwa kwadzo, mhando yakanaka yembeu, mitengo yembeu, gohwo, uye kugoverwa nekusiyaniswa kwayo.
- ◆ mashandisirwo anoramba achiitwa mbeu dzedu dzechivanhu.
- ◆ kuwana mbeu pasina zvipingaidzo.
- ◆ kudzivirirwa pakutengeserwa mbeu yemanyepo, uye mbeu dzinenge dzisina kukodzera.
- ◆ kuva nesarudzo ine chokwadi pambeu yakauchikwa neijo inosarudzwa navarimi
- ◆ kushandisa kodzero dzevarimi, dzinofanira kusava doko kune dzevanouchika mbeu.

